

# Vaksen Rapèl COVID-19: Enfòmasyon rapid



## Men sa ou bezwen konnen:

- Menm jan ak lòt viris, COVID-19 chanje pandan letan, ki mennen nan nouvo varyan.
- Vaksen rapèl yo bay pwoteksyon kont varyant sa yo, bay kò ou yon kouch defans ajoute.
- Ou ka toujou pran COVID-19 apre w fin resevwa yon vaksen rapèl, men risk pou maladi grav, entènè lopital, ak lanmò redwi anpil.
- Vaksen Rapèl ou a pa bezwen menm mak vaksen ak vaksen orijinal COVID-19 ou a.



Dòz rapèl rekòmande yo varye selon laj ak kondisyon sante.

**Vaksen Rapèl COVID-19 gratis, yo disponib an:**



Ou ka jwenn yon klinik tou pre w nan  
**[mass.gov/GetBoosted](https://mass.gov/GetBoosted)**